



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 27 PWOPRIYETE KE YO NOMINE POU RANTRE NAN REJIS PLAS ISTORIK ONIVO NASYONAL AK ETA

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke Komisyon Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik te rekòmande 27 pwopriyete adisyonèl, resous ak distri yo nan Eta ak rejis nasyonal plas istorik yo Nominasyon yo montre anplè remakab istwa New York, ki klase apati kay kandida Demokratik 1904 pou prezidan ki gen enpòtans nasyonal pou rive nan vil natal premye kolejyal fratènite Afriken Ameriken, ak kay pou peryòd ete biznisman ki te achte Jell-O nan mche a.

“Istwa New York se istwa peyi nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Plas istorik sa yo fè pati nan eritaj entegral rich New York epi mete yo nan Plas istorik Rejis Nasyonal Eta pral ede asire ke yo kenbe ak konsève yo pou jenerasyon kap vini yo.”

Komisyonè Office of Parks, Recreation ak Historic Preservation Eta Rose Harvey, te deklare, “Nominasyon sa yo selebre istwa rich ak divèsifye New York. Ajoute yo nan Plas Istorik ak Rejis Nasyonal la ka ede yo kontinye pou yo fè pati nan twal kominote yo pou ane kap vini yo.”

Nominasyon yo chita sou angajman Gouvènè Cuomo pou rekonèt istwa divès Eta New York. [Pa twò lontan de sa](#), Gouvènè a te kreye yon nouvo Komisyon Memoryal LGBT pou bay rekòmandasyon sou etablisman yon nouvo moniman nan Vil New York ki onore kominote LGBT a, moun sila yo ki te mouri nan Orlando ansanm avèk tout viktim rayisman, entolerans ak vyolans. Gouvènè a te chwazi tou Stonewall Inn lejandè, lokal kote mouvman modèn dwa LGBT yo te pran nesans, yon sit istorik nan Eta New York. Ba ak brasri ekstraòdinè Vilaj Greenwich, ansanm avèk revòlt yo ki te fèt la nan fen ane 1960 yo, provoke yon mouvman nasyonal ki annaprè te vin kondwi a egalite maryaj nan New York, premye aksyon egzekitif nan peyi a pou pwoteje moun ki trans-seksyèl yo, ansanm avèk règleman pou entèdi terapi konsèsyon.

Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik yo

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik onivo federal ak eta. Stimile pa reyabilitasyon kredi taks komèsyal istorik federal ak eta ki jere pa Biwo Konsèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te investi \$550 milyon nan tout eta nan 2015 pou renove pwopriyete yo ki te liste sou

Rejis Nasyonal Plas Istorik yo, pandanke pwopriyetè yo ap itilize kredi taks reyabilitasyon Istorik Eta New York ki te envesti plis pase \$12 milyon nan tout eta pou renovasyon kay pou ede revitalize katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Depi ofisye prezèvasyon istorik eta a te apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo liste nan Rejis Plas Istorik Eta New York la e apres a yo nomine nan rejis nasyonal plas istorik la, kote yo revize yo, epi yon fwa yo apwouve, yo rantre nan rejis nasyonal la. Wap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Parks, Recreation ak Prezèvasyon Istorik.

VIL NEW YORK

Konte Bronx

Distri Istorik Fort Independence, Bronx –Distri a remakab pou koleksyon rezidans li nan kòmansman ventyèm syèk la, anpil ladan yo se plan konsepsyon achitèk, ansanm avèk yon plan ri serpentine inabityèl ki chita sou yon teren mòn nan 1877 pa achitèk peyizaj remakab Frederick Law Olmste.

Konte Kings

Legliz Episkopal Metodis Central Avenue Bushwick, Brooklyn – ki te fini nan ane 1900 ak 1912, yo te bati legliz modèl Renesans Italyen an epi agrandi pandan yon peryòd pwosperite nan istwa katye Bushwick, lè yo te bati plizyè kalite legliz divèsifye pou reponn egalman a popilasyon divèsifye a kap grandi.

LONG ISLAND

Konte Nassau

Legliz Notre Dame de Kazan, Sea Cliff – Legliz la te etabli epi konstwi nan 1942 pa yon gwoup 35 fanmi Ris ki te deplase akòz de premye ak dezyèm Gè Mondyal yo te vin imigre nan Sea Cliff ansanm avèk kominote ki toupre yo nan Glen Cove, Locust Valley, Great Neck ak Little Neck.

Konte Suffolk

Benner-Foos- Ceparano Estate, Poquott – Bati nan ane 1893-95, kay modèl bado avèk yon konsepsyon enklina te bati kòm yon rezidans imobilye ete pou Avoka remakab

ViiNew York Charles Benner.

HUDSON VALLEY

Konte Dutchess

Haxtun-Tower House, Hopewell Junction – Kay distenktif neo-Grèg te bati nan ane 1850 pou agrikiltè ki gen anpil siksè William Haxtun e yo te agrandi l nan ane 1870 pou Albert Tower, yon egzektif nan endistri minrè fè rejyon an.

Konte Ulster

Alton B. Parker Estate, Esopus – Kay imobilye ki bati nan 1860 ke yo konnen tankou Rosemount gen yon enpòtan nasyonal pou asosyasyon l avèk Alton B. Parker (1852-1926), jij anchèf nan Tribinal Apèl Eta New York ak kandida Pati Demokratik nan eleksyon preizdansyèl 1904, ke Theodore Rooseveltte genyen.

CAPITAL REGION

Konte Albany

Legliz Liheryen Evanjelik St. Paul (Helderberg Evangelical Lutheran Church), Berne – te fini nan ane 1835, legliz modèl neo--Grèg tranzisyonèl Federal la te rete travay seksyon riral ki pi enpresyonan nan achitekti 19^{yèm} syèk la, jan li te manifeste nan nivo anjeneral, konstriksyon brik, ak wo kloche.

Konte Columbia

Distri Istorik Seksyon Riral Ancram – Bilding distri, sit ak peyizaj rete yon gwo pati nan karaktè riral kafou distri a ak sans plas la, sa ki montre delvopman distri a pandan 19^{yèm} ak 20^{yèm} syèk la.

Konte Rensselaer

Fèm Newton-Taber-Marvin, Nassau – Fèm achitekti ak istorik enpòtan farmstead gen yon istwa kontinyèl aktivite fèm ak okipasyon ki remonte nan omwen ane 1788, lè Abner Newton te kiltive l, yon natif natal Worcester, Massachusetts, ak yon veteran nan Revolisyon Ameriken.

Konte Saratoga

Calvary Episcopal Church, Burnt Hills – egzanp byen bonè achitekti neo-gotik eklezyastik te premye itilize pou sèvis relijye nan lavèy nwèl nan ane 1849.

Konte Schenectady

Kay James M. ak Eleanor Lafferty, Niskayuna – kay modèn 1948 la te bati pa achitèk Victor Civkin, alatèt General Electric Kitchen Institute – ki te ede revolisyone konsepsyon kwizin enteryè Ameriken – pou fizisyen Sant Rechèch GE James M. Lafferty, yon envantè ki te resevwa 67 patant epi ede devlope televizyon an koulè.

NORTH COUNTRY

Konte Lewis

Ansyen Simityè Lowville, Lowville – Youn nan premye simityè nan Konte Lewis, tonb li yo montre strikti sosyal kominote a apati 1810 jiska 1933; li gen tonbo anpil nan premye kolon yo nan rejyon an, ansanm avèk Lagè Revolisyonè, Lagè 1812, ansanm avèk Veteran Lagè Svil yo.

Konte St Lawrence

Bibliyotèk Hepburn, Lisbon – Bibliyotèk la te bati nan ane 1917-20 nan kad yon pwogram filantropik te antreprann pa Alonzo Barton Hepburn, yon bankye ki gen anpil siksè ki fèt nan Colton, ki te bay sèt bibliyotèk ak yon lopital pou moun yo nan Konte St.Lawrence.

SOUTHERN TIER

Konte Delaware

Dezyèm Depo Zam Walton, Walton – Kay 33^{yèm} Konpayi Separe nan 17^{yèm} Batayon Walton, depo zam nan te konstwi ant ane 1895 ak 1897 nan yon modèl fò ki gen entansyon pou enspire fyète ak patriyotis pami sitwayen yo ki respekte lalwa epi tranble pami sa yo rele “klas enferyè danjere yo.”

Konte Tompkins

Kay Dennis-Newton, Ithaca – Bati nan ane 1869, kay la te konsidere pa fratènite Alpha Phi Alpha,premye lèt Grèk Afriken Ameriken fratènite kolejyal nan Etazini, kòm bèso òganizasyon an.

FINGER LAKES

Konte Monroe

Distri Istorik Maplewood, Rochester (ogmantasyon limit) – Liste orijinalman nan ane 1997, limit la te ogmante ajoute 432 strikti ki te bati nan fen 19^{yèm} ak nan kòmansman 20^{yèm} syèk la nan achitekti enpòtan distri Ameriken Foursquare, Queen Anne,modèl retablisman kay Kolonyal ak kay bungalow atizanal.

Fèm Webster No. 436 (Harmony House), Webster – strikti 1899 la osi enpòtan ke kay chapit fèm lokal la lè Webster te prensipalman yon kominote agrikòl, jwe yon wòl enpòtan nan rasanble fanmi fèm yo ansanm pou edikasyon, amizman, ak rasanbleman sosyal.

Austin R. Conant House, Fairport – Ansyen kay neo-gotik la te konstwi nan 1876 nan kad yon ekspansyon nan vilaj la ki te posib pa endistri moulen bwa ak bwa chapant ki te devlope nan Erie Canal ak chemendefè, e li te kay yon siksesyon rezidan enpòtan nan Fairport.

Konte Wyoming

Chalè Orator F. Woodward, Silver Lake – Kay chalè modèl ristik Quenn Anne te bati nan 1894 tankou yon kay ete pou antreprenè ki gen siksè Orator F. Woodward ansanm avèk fanmi li; li konnen tankou “The JELL-O House,” tankou yo te pi byen rekonèt pwodui manje sa nan pwodui Woodward yo.

PATI LWÈS NEW YORK:

Konte Erie

Rae Flats and Apatman Raleigh, Buffalo – te konstwi nan 1892 ak 1896, respektivman, bilding apatman yo montre evolisyon apatman yo nan chanjman 20^{yèm} syèk la.

Asansyon Konplèks Legliz Katolik Women, North Tonawanda – Fonde pou sèvi popilasyon imigran kap ogmante a ki te vini nan North Tonawanda nan chanjman 20^{yèm} syèk la, premye Legliz Katolik Women ki te bati nan vil ki sèvi kominote a pou plis pase 100 ane anvan li te fèmen nan 2007.

Lekòl Piblik Buffalo #63, Buffalo – Egzanp ekselan plan lekòl nòmalize te fèt nan 1917 pou akomode yon popilasyon kap grandi nan pati nò vil la.

Lekòl Segondè Depew, Depew – Bilding lan te konstwi orijinalman nan 1914 e li elaji nan fason ki enpòtan nan 1927, sèvi kòm yon lekòl segondè jiska 1955 e apresya li te sèvi kòm yon lekòl primè ak biwo administratif.

Distri Istorik Prospect Hill, Buffalo – The “banlye tramwe” konpoze prekes de kay detache youn ak de fanmi ki te bati nan ane 1860 yo ak 1950 yo e li te kay anpil manm nan kominote Italyen Buffalo a ki gen siskè.

Konplèks Legliz Katolik St. Teresa, Buffalo – Koleksyon enpòtan bilding eklezyastik yo gen ladan yon ansyen legliz modèl gotik Viktoryen 1898 ki entegre konplèks la, yon bilding lekòl ki te bati nan 1907, yon presbitè modèl Queen Anne 1880, ansanm avèk yon sal pawasyal 1959 modèl entènasyonal.

Lojman Kolonyal ak Anèks, Buffalo – Orijinalman konstwi nan 1890 pou pwofesyonèl yo

kap chèche apatman ki lwen de anba lavil la, konplèks la te ajoute yon anèks nan 1896 pou bay lojman pou fowl vizitè yo ke yo te prevwa pou Ekspozisyon Panameriken nan 1901 ak yon fasad komèsyal ke yo te ajoute nan 1926 kòm aktivite komèsyal ki elaji nan nò odela de distri santral biznis la.

Karnak Flats, Buffalo – Bilding apatamn an te konstwi vè ane 1898 nan modèl neo-kolonyal e li te fèt pou reponn a yon apatman klas mwayèn pou sitaden yo kap chèche soti nan anba lavil vil la pou jwi lavi “banlye a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418